*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 127 (25613)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 19 июл — сусæны мæйы 19 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 "УÆЛЛАГ ЛАРС" *Бæлццæтты удæнцойæн*

3 СФÆЛДЫСТАД *Рохæн æвгъау нæмттæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Футбол*

**Кусæг фембæлд**

## Юрий Чайка — Цæгат Ирыстоны



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгаткавказаг федералон зылды Юрий ЧАЙКАИМÆ.**

Кусæг фембæлд арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны Хицауады хæдзары.

Сергей Меняйло æмæ Юрий Чайка æрдзырдтой, ныртæккæ республикæйæн ахсджиаг чи у, ахæм социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон рæзты фарстатыл.

Уымæй уæлдай, Юрий Чайка фехъусын кодта ног куысты бынæтты уынаффæты фæдыл дæр.

Æххæстбарджын минæвар Цæгат Ирыстоны разамонæгæн бавдыста **Сергей Гончаровы**. Уый нысангонд æрцыд РЦИ-Аланийы сæйраг федералон инспекторы бынатмæ, стæй — РЦИ-Аланийы федералон инспекторы бынат бацахсæг **Тимур Кочесоковы** дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Мæздæджы районæй**

## Фысджыты аллей

**Æхсæнадон организаци "Иры Стыр Ныхас"-ы районон хайады сæрдар, амалиуæггæнæг, меценат ГУЦАТЫ Фридоны æххуысæй Мæздæджы Уæлахизы парчы кадджын уавæры байгом кодтой Фысджыты фыццаг аллей Цæгат Кавказы.**



Уæрæсейы сгуыхт нывгæнæг, скульптор **Дзукъаты Никъала** проектыл бакуыста. Аллейы кæй бюсттæ сæвæрдтой, кадджын æмбырды архайджытæ — Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнгтæ, стæй Хуссар Ирыстоны, Кæсæг-Балхъары, Дагестаны. Мæхъæл æмæ Краснодары крайы минæвæрттæ — уыцы поэтты æмдзæвгæтæ бакастысты.

Проект афæдзы æрдæгмæ баххæст кæнын бантыст. Гуцайы-фырт цыртдзæвæнтæ Мæздæгæн балæвар кодта.

— Фидæны фæлтæртæ ацы цыртдзæвæнтæн аргъ кæй скæндзысты æмæ сын сæ нымæц кæй фæфылдæр кæндзысты, уыдæттыл зæрдæ дарæн ис.

Проект цыбыр æмгъуыдмæ баххæст кодтам.



Скульптор Дзукъаты Никъалайæн — бузныг. Уæвæн ис, æмæ туристтæ, стæй фысджытæ аллей зæрдылдарæн бынатыл банымайдзысты, — загъта Гуцаты Фридон.

Кавказы цæрæг адæм хорзæрдыгæй кæй сфæлдыстады фæрцы æвдыст æрцыдысты, аллейы сæвæрдтой уыцы фысджытæ æмæ поэттæ Александр Грибоедовы, Александр Пушкины, Лев Толстойы, Гуырдзыбеты Бласкайы, Хетæгкаты Къоста æмæ Расул Гамзатовы бюсттæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Энергетикæ**

## Цалцæг

Ацы азы фыццаг æмбисы компани "Цæгкавказэнерго"-йы специалисттæ 65 трансформаторон дæлстанцæйы сцалцæг кодтой.

Уымæй уæлдай, энергетиктæ 16 трансформаторы æмæ электрон тыхуарæн æндæр ифтонггæрзты дæсгай иуæгтæ дæр банывыл кодтой.

Техникон лæггадкæнынады программæмæ гæсгæ кæй баххæст кодтой, уыцы куыстытæ ахъаз кæндзысты зымæджы хъызт боныхъæды уавæрты энергетикон комплексы æнæлаз куыстæн.

Трансформаторон дæлстанцæтæн ис стыр ахадындзинад электрон тыхуарæн энергосистемæйы. Ацы дæлстанцæты æнæкъуыхцы куысты руаджы фæлхасгæнджытæ удæнцой цардæн хъæугæ электрон тых кæй исынц, уый нымайгæйæ, энергетиктæ трансформаторон дæлстанцæты хæрзхъæд цалцæгкæнынадмæ здахынц уæлдай фылдæр æргом.

**Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы пресс-службæ**

**Горæтгæрон районæй**

## Æфсæддоны ном сæнусон кодтой

**Æрхонкæйы станицæйы уынгтæй иуæн радтой æфсæддон-интернационалист Бæройты Эльбрусы ном.**

Ацы хабар фехъусын кодта паддзахадон телерадиокомпани "Аланыстон".

Республикон гвардийы командир кæм цард, уыцы хæдзары раззаг къулыл кадджын уавæры байгом кодтой номарæн фæйнæг.

Бæройты Эльбрус архайдта Афганистаны хæсты, 1992 азы та разамынд лæвæрдта Хуссар Ирыстонмæ æрвыст сабырдзинадтауæг батальонæн. Цыппар азы размæ Сырх Стъалыйы ордены кавалер йæ цардæй ахицæн. Зонгæтæ Бæройты Эльбрусы хъуыды кæнынц æнæхин, цæстуарзон, фæзминаг миниуджыты хицау адæймагæй.

**Нæ уацхæссæг**

**Фестивал-форум**

## "Рæстдзинады арæнтæ"

**"Дзыллон информацийы фæрæзты, дзыллон коммуникацийы, мыхуыр æмæ чиныгуадзæны райрæзты" республикон программæйы фæлгæты, Цæгат Иыстоны Мыхуыры фæрæзтæ æмæ дзыллон коммуникацийы комитеты хъæппæрисæй арæзт æрцæудзæн фыццаг дунеон фестивал "Рæстдзинады арæнтæ".**

Фестивал у дунеон коммуникативон æмæ ахуырадон фæз дзыллон информацийы кусджытæн. Мадзалы сæйраг хæс — журналистты дæсныйады фæлтæрддзинадыл бацархайын, экстремизм æмæ терроризмы ныхмæ æрлæууын. Уæрæсейы эксперттæ равдисдзысты мастер-къластæ, уыимæ ма, форумы архайджытæ практикон æгъдауæй бафидар кæндзысты сæ зонындзинæдтæ.

— Ахæм фæзтæ æххуыс сты терроризмы ныхмæ архайæг дзыллон информацион дунейы куыст фæхуыздæр кæнынæн, — загъта Мыхуыры фæрæзтæ æмæ дзыллон коммуникацийы комитеты сæрдары хæдивæг **Гæбæлаты Мæдинæ**.

Фестивалы фæлгæты арæзт æрцæудзæн музыкалон ерыс "Sunrise" пацифизм æмæ гуманистон тематикæйыл фыст хип-хоп зарджытæ. Æнæхъæн Цæгат Кавказæй ерысгæнджытæ онлайн-форматы æрбарвыстой сæ куыстытæ.

Форум ахæсдзæн æртæ боны, байгом уыдзæн сусæны мæйы нудæсæм боны, æхгæд æрцæудзæн 21 июлы.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

**Æвзæрстытæ**

## Парламенты депутаттæм кандидатты номхыгъд фидаргонд æрцыд

**15 июлы Дзæуджыхъæуы уыд парти "Иугонд Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады XXXIII конференци. Уым фидаргонд æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты депутаттæм кандидатты номхыгъд.**

Уыцы бонæй райдыдта регионалон адæмон программæмæ фæндæттæ хæссыны рæстæг дæр.

Конференцийы архайдта 142 делегаты, уыдонимæ: парти "Иугонд Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады Политикон советы уæнгтæ, РЦИ-Аланийы Парламенты депутаттæ æмæ Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды хуынд адæм.

Сусæгхъæлæскæныны фæрцы фылдæр хъæлæстæ райсгæйæ, фидаргонд æрцыд парти "Иугонд Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстоны регионалон хайадæй иунæг республикон æвзарæн округмæ республикæйы Парламенты æвдæм равзæрсты депутаттæм кандидатты номхыгъд. Номхыгъды æппæты сæрæй уыд партийы регионалон хайады нымæрдар, республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Уыимæ, номхыгъды фыццаг фондзимæ уыдысты **Гуыриаты Владимир, Мæхъиты Зураб, Тотоонты Алыксандр** æмæ **Цæллагты Жаннæ**.

Конференцийы делегатты размæ раныхас кæнгæйæ, Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, зæгъгæ, кандидаттæ се 'ппæт дæр архайдтой рагагъоммæйы хъæлæскæнынады, æмæ сыл республикæйы цæрджытæ схъæлæс кодтой номхыгъд аразыны рæстæг.

"Фæнды мæ зæгъын уый, æмæ мах стæм, йæ номхыгъд æргомæй чи аразы, ахæм иунæг парти, æмæ алкæй бон дæр у æвзарын æмæ æвзæрст уæвын", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм, 11 сентябры Цæгат Ирыстоны æвзардзысты республикæйы Парламенты депутатты, Мæздæг æмæ Кировы районты Минæвæртты æмбырдты депутатты, 4 горæты æмæ 82 хъæуы Минæвæртты æмбырдты депутатты, 62 хъæуы сæргълæуджыты.

"Куыд æй æмбарут, афтæмæй нæм æнхъæлмæ кæсы дзыллон æвзарæн кампани. Партийы регионалон хайад, æдзух куыд уыди, афтæ ныр дæр йæ размæ æвæры æппæт æвзарæн кампаниты дæр фылдæр хъæлæстæ райсыны нысан. Уыимæ, ноджы ахсджиагдæр нысан у æвзæрстытæ сыгъдæг, куыд гæнæн æмæ амал ис, афтæ æнæ æгъдаухæлдтытимæ, цæрджыты зæрдæмæдзæугæйæ куыд ацæуой", — загъта Сергей Меняйло.

"Партийы регионалон хайады адæмон программæ хъуамæ арæзт æрцæуа кабинетты æмæ æхгæд æмбырдты нæ, фæлæ Цæгат Ирыстоны цæрджыты ныстуантæ æмæ фæндæтты бындурыл, — бафидар кодта регионы Сæргълæууæг. — Мах фæндон хæссæм, цæмæй республикæйы алы цæрæг дæр, йæ политикон цæстæнгас æмæ, кæй фарс хæцдзæн, уымæ нæ кæсгæйæ, æрбадætта йæ фæндон. Дзурын республикæйы цæрджытæм: бацархайут адæмон программæ цæттæ кæныныл, цæмæй алкæй хъуыды дæр нымад æрцæуа".

Партийы разамонæг "Иугонд Уæрæсе"-йы уæнгтæй Луганск æмæ Донбассы Адæмон Республикæты цæрджытæн гуманитарон æххуысы, стæй æвзарæн кампанийы рæстæг йæхи сæрæндæрæй чи равдыста, уыдонæн радта Арфæйы гæххæттытæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Юбилей**

## Зынгсирвæзтæй хъахъхъæнынц

**Зынгсирвæзт иугæр куы 'рцæуа, уæд зиантæ æрхæссы хи хæдзæртты цæрджытæн, куыстуæттæн, йæ арты æвзæгтæ нæ бацауæрдынц хъæдтыл, быдыртыл.**



Майдан радтой майор ХУЫБАТЫ Регинæйæн

Афтæ уыд, бирæ азты размæ Уæрæсейы зынгсирвæзтмæ паддзахадон цæстдарды службæ куы фæзынд, уæд дæр. 95 азы артимæ тохгæнæг сæрæнгуырдтæ, хатгай сæхи цардæн тæссаг уавæрты, ирвæзын кæнынц бирæ адæмы, сæ хæдзæртты исбон, уымæй сæйрагдæр та — архайынц зынгсирвæзт ма 'руадзыныл.

Знон Дзæуджыхъæуы кадджын уавæры сбæрæг кодтой Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады зынгсирвæзтмæ паддзахадон цæстдарды равзæрды 95 азы бон.

Бæрæгбонмæ хуынд æрцыдысты службæйы абоны кусджытæ æмæ ветерантæ дæр, горæты æмæ районты минæвæрттæ.

Райхъуыстысты Уæрæсе æмæ Цæгат Ирыстоны гимнтæ.

— Зынгсирвæзтæй бахъахъхъæныны паддзахадон цæстдарды системæйы æппæт Уæрæсейы кусы дæс мин инспекторы бæрц. Сæ размæ цы стыр нысантæ æвæрд ис, уыдонæй сæйрагдæр у адæмы цард бахъахъхъæнын, сæ мулк, сæ исбон аирвæзын кæнын. Уый тыххæй цæуы стыр æмбарынгæнæн, профилактикон куыст цæрджыты 'хсæн.

Уый тыххæй æмбырды раныхас кодта Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады Цæгат Ирыстоны управленийы сæргълæууæг, инæлар-майор **Александр Хоружий**.

— Стыр арфæ кæнын ме 'мкусджытæн бæрæгбоны фæдыл. Уæлдай бузныг зæгъын нæ буц ветерантæн. Амондимæ, зæрдæрайæ цæрут æмæ кусут! — загъта управленийы хицау. — Цæмæй фыдбылыз ма 'рцæуа, ууыл цæуы æрвылбоны куыст. Инспектортæ бæрæг кæнынц, зынгсирвæзтæй бахъахъхъæныны домæнтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый, адæмы 'хсæн парахат кæнынц зонындзинæдтæ. Кæд сæ куыст фæсвæд ран кæнынц, зынгæ сын уый бæрц нæ кæны, уæддæр нæ сæрмæ сыгъдæг, æнæ сау фæздæг арв кæй ис, зынгсирвæзтыты нымæц къаддæр кæй у, уырдæм се 'вæрæн хæссынц фæлтæрдджын, йæ куыст чи уарзы æмæ зоны, ахæм кусджытæ, — загъта Александр Хоружий.

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады уынаффæйæ къорд адæймаджы схорзæхджын кодтой юбилейон майдантæ æмæ Кады нысантæй.

Бæрæгбоны архайджытæн бацæттæ кодтой концертон программæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Дзырды фарн**

*...фæрсынæй рæдыд никæуыл æрцыд.*

*ГÆДИАТЫ Секъа*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **19 июлы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **25-30 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **25-27 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 14,54**

**Хурыскаст** — 04,40
**Хурныгуылд** — 19,34

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 56,56↓
**Евро** — 57,15↓

12+

**Æмгуыстад**

## Адæмы хæлардзинад æмæ сабыр цард

**Дзæуджыхъæуы муниципалон сконды Æхсæнадон советы сæрдар Михаил ШАТАЛОВ фембæлд Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг архиепископ ГЕРАСИМИМÆ.**

Советы размæ цы хæстæ æмæ нысантæ æвæрд ис, куыд алывæрсыг у сæ архайд, уый тыххæй йын лæмбынæг радзырдта Михаил Шаталов. Советы уæнгтæ сты алы æхсæнадон организациты, министрадты, ведомствæты минæвæрттæ. Бæрнон адæм сæ цæст дарынц бирæ хъуыддæгтæм — горæты уынгты, фæзты, паркты санитарон уавæрмæ, цъæхвæлысты фарстатæм, историон-культурон цыртдзæвæнты рацаразтмæ, фæсивæды хъомыладмæ æмæ æндæр хъуыддæгтæм. Уый тыххæй цæттæ кæнынц муниципалон программæтæ.

Фембæлды архайджытæ æрдзырдтой, сæ иумæйаг æмгуыстады, уæлдайдæр, ахсджиаг цы фарстатæ сты, уыдон алыг кæныныл. — Фæсивæды патриотон хъомылад, сæ удварны рæзт. Сæ иумæйаг уынаффæйæ ацы куысты нæ горæты æхсæнадон царды активонæй чи архайы, уыцы сылгоймæгты тыххæй. Ныхас ма цыд нæ горæты аргъуанты рухстауæн куыст фидæны фæахадгæдæр кæныныл.

Ноджыдæр ма Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Георгийы аргъуаны алыварс фæзуат саив кæныныл æмæ нæ горæты раздæры Мещанты æмæ иннæ уæлмæрдтæ бафснайыныл.

Цæмæй Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты цæрджыты 'хсæн чырыстон дин фидар кæна, уый тыххæй снысан кодтой æмгуыстады бæлвырд фæтк.

Уый та фадат ратдзæн дзæуджыхъæуккæгтæн, цæмæй æхсæнады æмæ дины кусджыты аудынад сæхиуыл æнкъарой.

— Паддзахадон хицауад, бынæттон хиуынаффæйад, дины кусджытæ хъуамæ иудадзыгдæр архайой Уæрæсейы бирæнацион æмæ алы динтыл хæст адæмы хæлардзинад æмæ сабыр цардыл — ахæм уыд фембæлды архайджыты иумæйаг хатдзæг

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Парчы бацæуæнты нывылад

**Сентябры кæронмæ Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл центрон парчы æртæ бацæуæн тæлмы дæр сцалцæг кæндзысты.**



Горæты администрацийы цъæхвæлысты управленийы хицауы хæдивæг **Хъороты Давиды** ныхасмæ гæсгæ, амынд тæлмытæй уæлдай хæдзарадон кæрты фæзуат дæр цалцæггонд æрцæудзæн. Рæхджы ам фæзындзæн къахвæндæгтимæ, фæхсбандæттæ æмæ ног рухскæнынадимæ ноджыдæр ма иу аивгонд тæлм.

Культурæ æмæ фæлладуадзæн паркмæ центрон бацæуæныл кæй саразтой æмæ нормæты аккаг чи нæу, уыцы пандус рацарæзты рæстæг баивдзысты зынтæй цæуæг адæмæн æмæ коляскæтимæ ныййарджытæн удæнцой чысыл фæндæгтæй.

Ацы хабар фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Горæтгæрон районæй**

## Скъолайы цалцæг

**Ног ахуыры аз Æрхонкæйы 1-æм скъола сцалцæг кæндзысты. Ацы хабар фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.**

"Дыууæ бæстыхайы кæдæм хауынц, Æрхонкæйы уыцы 1-æм скъола нымад у нæ республикæйы зæронддæр скъолатæй иуыл. 1902 аз хъæдæрмæгæй кæй саразтой, уыцы фыццаг бæстыхайы райдайæны æрбынæттон æфсæддон рынчындон. Дыккаг бæстыхай саразтой 1926 азы. Объект бындуронæй никуы сцалцæг кодтой", — фыст ис хъусынгæнинаджы.

Ныртæккæ специалисттæ скъолайы сæр ивынц, æххæст дзы кæнынц электромонтажон куыстытæ, пъолтæ бетонæй æмбæрзынц, къултæ зæронд сæрстæй расыгъдæг кодтой, стæй дзы пластикон рудзгуытæ сæвæрдтой. Ноггонд чи æрцæудзæн, уыцы скъолайы раззаг къулы рагон уынд нæ фехæлдзæн. Сæрды кæронмæ бæстыхайы фылдæр хай цалцæггонд фæуыдзæн. Октябры кæронмæ чи хъуамæ ахæсса, уыцы бындурон цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд цалынмæ не 'рцæуой, уæдмæ скъоладзаутæ ахуыр кæндзысты дыууæ радæй. Федералон æмæ регионалон бюджеттæ объект нывыл кæнынæн радих кодтой 73,6 милуан сомы.

Æдæппæт Цæгат Ирыстоны ахуыргæнæндæтты бындурон цалцæг кæныны программæмæ бахастой 63 скъолайы. Æхцайæ æфсисады иумæйаг бæрц у 3,7 миллиард сомы. Иннæ аз æппæт объектты куыстытæ кæронмæ хъуамæ ахæццæ уой.

**Нæ уацхæссæг**

**Туризмы фарстатæ**

# Сергей Меняйло фембæлд æрыгон блогертимæ

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд блог-тур "Дæ Ирыстон"-ы Уæрæсейы алыхуызон регионтæй архайджытимæ. Цæгат Ирыстоны туристон хъомысæн цавæр аргъ кæнынц, зæгъгæ, ахæм фарстайы фæдыл республикæйы разамонæг ныхас кодта æрыгон блогертимæ, стæй сын сæ фарстытæн дзуаппытæ радта.**



Сæ фембæлды райдайæны Сергей Меняйло æрыгон адæмæн арфæ ракодта сæ разæнгарддзинады, абоны цардмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй нæ кæсынц, уый тыххæй.

— Алчидæр уæ æвдисы фидар граждайнаг цæстæнгас, æмæ йыл æргомæй дзурут, адæммæ йæ хæццæ кæнут. Ирыстоны цы рæсугъд бынæттæ ис, уыдон федтат уæхи цæстæй, базонгæ стут йæ бирæ æнусон истори æмæ культурæимæ, æмæ, уыцы æнкъарæнтæй разыйæ кæй баззадыстут, уый мæ уырны. Уæ блог-турæн уыд бæлвырд нысан: раргом кæнын Цæгат Ирыстоны туристон хъомыс, йæ гæнæнтæ æмæ семæ базонгæ кæнын нæ бæстæйы адæмы. Уæрæсейы мидæг туризм, æцæгæйдæр, у диссаджы дуне, æмæ йæ базонынæн кæрон нæй, — раныхас кодта Сергей Меняйло.

Уымæй уæлдай, республикæйы разамонæг радзырдта, æрæджы Цæгат Ирыстоны PRO-Кавказ, зæгъгæ, цы медиафорум уыд, уый тыххæй, æмæ загъта, иннæ хатт ма ахæм форум куы уа, уæд æм цæмæй, æнæмæнг, саккаг кæной.

— Царды алы фарстатыл дæр æхсæнадон хъуыды абон æнцой кæны, фылдæр, социалон хызæгтыл. Æмæ блогертæ æмæ традицион дзыллон информацион фæрæзтæ кæрæдзиуыл баст куы уой, уæд уый, мæнмæ гæсгæ, алы хъуыддагыл дæр хорзæрдæм фæбæрæг уыдзæн. Уыимæ, Цæгат Кавказ туристон æгъдауæй цымыдис, рæсугъд, зæрдæмæдзæугæ æмæ уазæгуарзон регион кæй у, уый адæм базондзысты. Базонгæ уыдзысты йæ алæмæты рæсугъд æрдзимæ, фæллойуарзаг адæмимæ æмæ сæ рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитимæ, — бафиппайдта республикæйы Сæргълæууæг.

Блог-туры архайджытæ, сæ ныхасмæ гæсгæ, æнæбафиппайгæ нæ фесты, Цæгат Ирыстоны стыр кад кæй кæнынц канд хистæртæн нæ, фæлæ сылгоймæгтæн æмæ кæстæртæн дæр, æмæ зæрдæ бавæрдтой, сæ бафысджытæн се 'ргом Цæгат Ирыстонмæ кæй здахдзысты, уымæй.

Ныхас ма цыд туристон инфраструктурæйы объекттæ республикæйы аразыныл æмæ æндæр фарстатыл.

Фембæлды кæрон блогтуры архайджытæн Сергей Меняйло радта Арфæйы гæххæттытæ æмæ сын бузныг загъта, Цæгат Ирыстоны æрдзон, историон æмæ культурон цыртдзæвæнты тыххæй хъусынгæнинæгтæ адæммæ кæй хæццæ кæнынц æмæ туризмы рапарахатыл зæрдиагæй кæй архайынц, уый тыххæй.

Блог-тур "Дæ Ирыстон" нæ республикæйы йæ куыст кодта 11-17 июлы. Йæ нысан — мидбæстон туризм парахат кæнын æмæ социалон хызæгты фæрцы Цæгат Кавказы æрдзон, культурон æмæ историон цыртдзæвæнты тыххæй хабæрттæ адæммæ хæццæ кæнын. Нæ рæспубликæйы æдæппæт уазæгуаты уыд 24 блогеры Уæрæсейы алы регионтæй — Волгоградæй, Мæскуыйæ, Краснодарæй, Стъараполæй, Дагестанæй, Омскæй, Рязанæй, Астраханæй, Удмуртийæ, Калугæйæ, Ивановойы æмæ Кемеровойы облæсттæй, Ямало-Ненецты автономон зылдæй, Республикæ Хъырым æмæ Севастополæй. Уыдонæн сæ бафысджыты иумæйаг нымæц у фондз милуан адæймаджы. Къуырийы дæргъы социалон хызæгты блогертæ æвдыстой Цæгат Кавказыл сæ балцы хабæрттæ æмæ сæ бафысджыты зонгæ кодтой Ирыстоны алæмæты рæсугъддзинадимæ, йæ историимæ, йе 'гъдæуттимæ, йæ культурæ æмæ туристон маршруттимæ.

Ирыстоны уазджыты балцы аластой Хъобанмæ, Хъæрмæдоны æмæ Куырттаты кæмттæм. Уыдон бабæрæг кодтой РЦИ-Аланийы Национ музей, Тугъанты Махарбеджы номыл Аивæдты музей æмæ Ныриккон сфæлдыстады центр, базонгæ сты паддзахадон академион ансамбл "Алан"-имæ, стæй сын саразтой ирон чъиритæ кæнынæй мастер-къластæ.

Проект саразæг у раздзогты æхсæнадон иугонды уæнг **Алинæ Гостева**, æххуысгæнæг та йын уыд Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл федералон агентад æмæ РЦИ-Аланийы Туризмы комитет.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Æмæ Хицауады пресс-службæ**

**"Уæллаг Ларс"**

# Бæлццæтты удæнцойæн

**Цæстдарæн-уадзæн пункт "Уæллаг Ларс" лæггад кæны, Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны 'хсæн арæныл цы бирæ адæм цæуы, уыдонæн. Йæ техникон гæнæнтæ нырæй фæстæмæ зынгæ фæфылдæр уыдзысты, йæ куыст фæнывылдæр уыдзæн.**

Бæлццон адæм æмæ хæдтулгæтæ кæуылты цæуынц, уыцы цæстдарæн, бæлвырдгæнæн бынæттæ нæ фаг кодтой. Уæлдайдæр та сæрдыгон, адæм сæ фæлладуадзынмæ алы рæттæм куы цæуынц, уæддиу сæ бирæ сахæттæ æнхъæлмæ кæсын бахъуыд.

Адæм хъаст кодтой. Ныр уавæр цæхгæр аивта. Бирæ журналисттæ æвдисæн уыдысты, "Уæллаг Ларс"-ы ныртæккæ æппындæр рады кæй ничи лæууы, уымæн. Цæстдарæн-уадзæн пункты байгом сты 12 ног сæрмагонд уадзæны. Ныриккон ифтонггарз æмæ сгарæн техникæ, видеоцæстдард фадат дæттынц хæрзхъæд лæггад кæнынæн.

— Фыццаг хатт нæ цæуын ацы арæнтыл. Дыууæ мæйы размæ дæр мæ бахъуыд Гуырдзыстонмæ цæуын æмæ 18 сахаты æнхъæлмæ кастыстæм, — зæгъы Мæскуыйы цæрæг Виктор. — Ныр та диссаг — 32 минутмæ нæ хъуыддæгтæ конд æрцыдысты. Бузныг, чи бацархайдта, адæмæн удæнцой чи скодта, уыдонæн — хъæлдзæгæй загъта бæлццон.

Ацы ног ацæуæнтæ лæггад кæндзысты рог автомашинæты хицæуттæн. Нысангонд куыд у, афтæмæй афæдзы кæронмæ сæ нымæц ноджы фæфылдæр уыдзæн.

Уым, бынаты, журналисттимæ фембæлдысты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис** æмæ Уæрæсейы Транспорты министрады паддзахадон политикæйы департаменты директор **Кокайты Михал**. Уыдон куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй бирæвæрсыг уадзæн пункт, цы 'мбæлы, уымæй ныр 7-8 хатты фылдæр уадзы машинæтæ. Зæгъæм, кæд йæ хъарутæ 400 машинæйæн сты, уæд дзы суткæмæ ацæуы 3,5 мины бæрц. Афтæмæй дзы стыр къуылымпытæ рауайы. Уæрæсейы Транспорты министрад бацæттæ кодта, нæ бæстæйы Хуссарæн стыр вазыгджын чи у, уыцы объекты бындурон рацарæзты проект. Уыцы куыстытæн радих кодтой дыууæ миллиард сомы бæрц федералон бюджетæй. Æппæт хъæугæ коммуникацитæ, паспортонконтролгæнæн кабинætæ, уадзæн пункты кусджытæн æмæ бæлццæттæн удæнцой чи хæсса, ахæм уавæртæ уыдзæнис. Уæлæмхасæн ма фæззæджы цы 12 ног уадзæны сараздзысты, уыдон дæр уыдзысты æнцонвадат. Ауылты та рог автомашинæтæ æнæкъуылымпыйæ цæудзысты фæстæмæ Уæрæсемæ.

Бындурон рацарæзты "Уæллаг Ларс"-ы цæстдарæн-уадзæн пункты кусдзæн 39 тæлмы, уыдонæй 13 — уæзласæн, 26 та — рог машинæтæ æмæ автобустæ уадздзысты. Суткæмæ дзы ахизыны фадат уыдзæн 20 мин адæймагæн æмæ цыппар мин машинæйæн.

Подрядон организацийы минæвар куыд загъта, афтæмæй арæзтадон куыстытæ кæронмæ ахæццæ уыдзысты 2023 азы.

Журналистты фарстытæн дзуапп дæтгæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар загъта, ацы рацарæзтон куыстытæн уæлдай ахадындзинад кæй ис нæ республикæйæн. — Фыццаджыдæр, стыр хорздзинад скодтам бæлццон адæмæн. Ацы фарстамæ республикæйы Сæргълæууæг йæ цæст дары.

Куыстытæ уыыл не 'рлæууыдысты, дарддæр дæр араздзыстæм машинæтæн æрлæууæнтæ, фæндаджы былты удæнцойдзинады объекттæ. Цалцæггонд цæудзысты нæ горæттæ æмæ хъæуты фæндæгтæ. Цæмæй нæ фæндтæ нæ къухы бафтой, уый тыххæй та нын æнгом æмгуыстад ис Уæрæсейы Транспорты министрадимæ, — загъта Дзанайты Барис.

— Уæллаг Ларс" Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны 'хсæн паддзахадон арæныл цæстдарæн-уадзæн пункт у, стыр уæз ыл æнцайы. Бæлццон адæм, рог æмæ уæзласæн хæдтулгæтæй уæгъд никуы вæййы. Зæгъæм, 2021 азы ауылты уæзæгтæ аластой 4,5 милуан тоннæйы бæрц. Уый рекордыл нымад у, — загъта Кокайты Михал. — Ныртæккæ арæзт цæуы арæнты-таможняйы цæстдарды кусджыты административон бæстыхай, цæттæгонд цæуы кинологон службæйы архайд, уадзæн пункты уыдзæн æппæт хъæугæ коммуникацитæ. Куыстыты фыццаг хай ахицæн уыдзæн августы, иумæйагæй та, алцæмæй ифтонг ныриккон цæстдарæн-уадзæн пункты куыстытæ æмгъуыд кæнæм 2023 азы ахицæн кæнын.



Кокайы-фырт куыд фехъусын кодта, афтæмæй, арæнты сæрты чи хизы, уыцы уæзласæн машинæты нымæц афæдзы райдайæнæй схызт 700 машинæйæ 1100 машинæйы онг. Бындурон рацарæзты фæстæ, æнæкъуылымпыйæ 1500 уæзласæн машинæйы кæй цæудзæн суткæмæ "Уæллаг Ларс"-ыл, уымæй зæрдæ бавæрдта.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Ног лаборатори

**Гепатиты æмæ коронавирусы ног цаутæ раргом кæнынæн Дзауы районы рынчындоны байгом кæндзысты лаборатори.**

Ацы лабораторийы æххуысæй республикæйы фыццаг хатт бæлвырд кæнын райдайдзысты тарнизы цаутæ дæр.

Ацы хабар фехъусын кодта Хуссар Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры хæстæ æххæстгæнæг **Наниты Сослан**.

— Коронавирус ногæй кæд ахæлиу уа, уæд канд "Югосетпотребнадзор"-ы нæ, фæлæ Æнæниздзинад хъæхъхъæнынады министрады хъарутæй дæр нын уыдзæн ацы рыны цаутæ раргом кæныны фадат. Нæ авналæнты фæрцы нын уыдзæн иртæстыты нымæц фæфылдæр кæныны гæнæн, — загъта министры хæстæ æххæстгæнæг.

Нанийы-фырты ныхасмæ гæсгæ, Хуссар Ирыстонмæ чи æрбацæуыдзæн, Бетъырбухы Н.И. Пироговы номыл вазыгджын медицинон технологиты клиникæйы специалисттæ — сывæллæтты къæхты æмæ къухты сахъатдзинады, сывæллæтты церебралон паралич æмæ нейроортопедийы дохтыртæ, уыдон 3 сентябры сæмбæлдзысты сывæллæтты поликлиникæмæ бахатæг рынчынтимæ.

**("Спутник")**

**Æнæниздзинад**

## Цас фынæй кæнын хъæуы?

**Ацы фарстæн наукæ нæронг бæлвырд дзуапп нæма радта. Æвæццæгæн, æппæтæн иу нормæ нæй. Фæлæ ацы къабазы цавæрфæнды иртасæнтæ дæр диссаг сты ахуыргæндтæ æмæ махæн дæр.**

Япойнаг дохтырты къорд Нагоийы университетæй алывæрсыг иртасæнтæ саразтой, цæмæй базоной, фынæй кæныны дæргъвæтиндзинад æнæниздзинад æмæ бирæ цæрыныл куыд фæзыны, уый.

Цæвиттон, иртасджытæ дæс азы сæ цæст лæмбынæг дардтой 110 мин адæймаджы цардмæ Японы 45 районæй. Уый фæстæ бирæ азты райст бæрæггæнæнтæ райдыдтой æвзарын. Хъуыдис сæ лæмбынæг сахуыр кæнын, фынæй кæнын низ æмæ мæлæтыл куыд фæбæрæг вæййы, уый. Кæронбæттæны сбæрæг, æппæты æнæниздæр адæм сты, æхсæз сахаты æмæ æрдæгæй авд сахаты æмæ æрдæджы онг чи фынæй кæны, уыдон. Адонæн мæлæты æмвæзад рауад æппæты ныллæгдæр.



Уымæй уæлдай, иртасджытæ сбæлвырд кодтой, зæгъгæ, æдзухдæр фаг чи нæ фæфынæй кæны, ома, 4,5 сахаты къаддæр, уыдоны царды дæргъвæтиндзинад рæстæмбис нымадæй фæкъаддæр вæййы 1,6 хатты. Организм æмбæлгæ фæлладуагъд куы нæ райсы, уæд йæ фæрæзтæ уайтагъд баихсийынц. Бирæ диссагдæр та у æндæр. Куыд сбæрæг, афтæмæй, хуыссæгæй бафсис кæмæн нæй, уыдонæн та бирæ тæссагдæр у. Цы бæрæггæнæнтæ ист æрцыд, уыдон куыд дзурынц, афтæмæй иудадзыг дæргъвæтин рæстæг фынæй кæнын (суткæмæ 9,5 сахатæй фылдæр) цард цыбырдæр кæны 1,7-1,9 хатты. Ахуыссын бирæ чи уарзы, уыдоны бæрзонд мæлæты аххосæгтæ ныронг базонын къухы нæма бафтыд. Æвæццæгæн, ам ис дыуузрдæм бастдзинад. Бирæ фынæй кæнын арæхдæр фæфæнды, йе 'нæниздзинад нывыл кæмæн нæ вæййы, ахæм адæймæгты.

Бирæ ахуыргæндтæ æнхъæлынц, зæгъгæ, фынæй кæныны дæргъвæтиндзинад афтæ тынг ахсджиаг нæу, алкæмæндæр уый тыххæй ис бæрц. Æнæниздзинадыл бирæ тынгдæр зыны фынæй кæныны хæрзхъæддзинад. Махæй алкæмæндæр ис фынæй кæнын æмæ хъал уæвын ивыны ритм.

Ацы ритмы аивд арæх æркæны бирæ системæты куысты къуылымпытæм (зæрдæйы тугдадзинтæ, нервытæ æмæ æндæрты). Æппæт процесстæ дæр сты тынг вазыгджын, ахуыр сæ кæны сæрмагонд наукон хронобиологи. Махæн та ахсджиаг у бамбарын, ахæм фæзындтытæ къаддæр кæй кæнынц организмы ныхмæлæуддзинад, уæвæн ис, æмæ хроникон низтæ фæкарздæр уой.

Иу ныхасæй, архайын хъæуы ууыл, цæмæй æнæ исты хъуыддагæй уæ царды уагæвæрд хæлд ма цæуа, цæмæй бон æмæ æхсæв кæрæдзийы бынæттæ ма ивой, æмæ уæ фаг фынæй кæнат. Цал сахаты фынæй кæнын хъæуы, уый та уын бацамондзæн уæхи æнкъарындзинад. Уымæн æмæ организм дзæнгæрæг фæцæгъды куыстхъомдзинад фæкъаддæрæй, дæхи æвзæр æнкъарынæй, хуыссæг дæ ахсынæй, æмæ æдзухдæр æххæст кæнын фæхъæуы йæ домæнтæ.

**БЕСЛЕХЪОТЫ Иринæ, дохтыр**

**Барад**

## Тыхджынахадæг буаргъæд уæйгæнджытæ

**Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ кæрæдзиимæ баст цыппар фыдгæнæгыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

Ацы адæймæгты, сæ алкæцыйы архайды бæрц нымайгæйæ, аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 234 статьяйы 3 хайы ("Кæрæдзиимæ баст цалдæр адæймаджы стыр бæрцæй æнæзакъонæй балхæдтой тыхджынахадæг буаргъæд ауæй йæ кæнынæн") æмæ 228 статьяйы 1 хайы ("Стыр бæрцæй наркотикон фæрæзтæ, ауæй кæнынмæ сæ нæ хъавгæйæ, æнæзакъонæй дарын") амынд фыдракæндтæ саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, тыхджынахадæг буаргъæдтæ иумæйагæй æнæзакъонæй уæй кæнынæн 52-аздзыд дзæуджыхъæуккаг сылгоймаг йе 'ртæ зонгæ адæймаджы фыдгæнджыты къордимæ баиу уæвыныл сразы кодта. Слестгæнджытæ кæй ном нæма сбæлвырд кодтой, фыдгæнджыты къорды разамонæджы бынат ахсгæйæ, сылгоймаг посты æрвитæггæгты фæрцы Ростов-Доны цæрæг æбæрæг адæймагæй æлхæдта буаргъæд "Лирикæ"-йы капсулæты уæвæг прегабалин. Фæстæдæр сылгоймаг тыхджынахадæг буаргъæд кæмæн лæвæрдта, уыцы фыдгæнджытæ йæ "æлхæнджытæн" уæй кодтой.

Оперативон-агурæн мадзæлтты фæрцы æнæзакъон зилдухæй æдæппæт тæлæтгонд æрцыд буаргъæд "Лирикæ"-йы 627 капсулæйы.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Цæмæй урс цæргæс сау гæдыйы дардмæ фæхæсса

Раздæр тар хъæд кæм уыд, уыцы рæсугъд бынаты, Цъамады хъæуы, уыдис хъæдæй арæзт Рыныбардуаджы кувæндон, хуыдтой ма йæ Æхсæрты дзуар. Куыд дзурынц, афтæмæй адæмыл низ сыстад — емынæ, æмæ мардысты æгас бинонтæй, бын кодтой адæм. Рыны заман хъæу сыстадысты æмæ алыгъдысты хъæды фаллаг фарсмæ.

Уым куы æрцардысты, уæд низ басабыр. Хъæуы ма чи баззад, уыдон се 'ппæт дæр амардысты. Уыдонæй-иу бирæтæ сæхицæн скъахтой ингæнтæ æмæ æнхъæлмæ кастысты сæ мæлæтмæ. Ныгæнгæ сæ кодта хъæуы цæрджытæй иу — Черчесты Гæлæу.

Уый йæхæдæг дæр фæрынчын уыцы низæй, фæлæ дзы фервæзт. Уый-иу мæрдты бирæгæйттæй иу зæппадзы нывæрдта. Уый фæстæ, амал сын куы нал ардта, уæд сæ дурты бын ныгæдта.

Йæ ингæны былыл-иу чи бадт, йæ мæлæтмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, уый-иу Гæлæуæн лæгъстæ кодта, гомæй мæ ма ныууадз, иу чысыл мыл сыджыт уæддæр бакал, зæгъгæ.

Адæм афтæ дзырдтой æмæ, дам, сау гæды фæзынд — низхæссæг, уый хъæутыл зылд, æмæ адæм уымæй мардысты. Фæлæ адæм куы нал фæрæзтой, уæд, дам, сæм иу афон урс цæргæс æртахт, сау гæдыйы систа, æмæ йæ ахаста.

Ацы низ Мызурæй дарддæр нæ ацыди. Цæразонтæм нæ бахæццæ æмæ кувгæйæ уымæн афтæ фæдзурынц: "Уæ, Хуыцау, Цæразонтæн цы æххуыс бакодтай, уыцы æххуыс махæн дæр бакæн!.."

Низ куы æрсабыр, уæд хъæды чи уыд, уыцы адæм æрæмбырд сты æмæ æмвæндæй сарæзтой кувæндон —



Æхсæрты дзуар, æмæ ам кувынц уæдæй нырмæ Рыныбардуагæн.

Æхсæрты дзуары бæлæстæ ныртæккæ дæр сты сæ бынаты. Бæрзонд, ставд æмæ рæсугъд нæзы бæлæстæ арвмæ фæцыдысты. Уыцы ран цы хъæд ис, уым иунæг æхсæр бæлас дæр нæ уыд, фæлæ йæ адæм хуыдтой Æхсæрты хъæд, зæгъгæ. Чи зоны, кæддæр дзы задис æхсæр бæлæстæ, æмæ йæ уымæн афтæ схуыдтой.

Æхсæрты дзуары тыххæй уымæн фыссын, æмæ нæм абон цы æнамонд низ æрцыд фæсарæнтæй, коронавирус, зæгъгæ, уыцы рын дæр нын бирæ фыдбылызтæ æрхаста. Хъæдмæ ничи алыгъд, фæлæ нын иуцасдæр нæ хæдзæрттæй рацæуыны бар нал уыд. Адæм кæрæдзимæ зианмæ цæуын нал уæндыдысты. Уæдæ Ирыстоны бирæ бинонтæ царæфтыд баисты, сæ хæдзæртты змæлæг нал баззад.

Кæцæй нæм æрцыд æмæ цæй аххосæй апырх афтæ тагъд — уыдæттыл нæ дзурдзыстæм. Раст нæ дзæбæх кодтой æви нæ — кæмæн æмбæлы, уыдон æй сбæрæг кæндзысты.

Ныр та, куыд дзурынц, афтæмæй нæм ацы низ ног хуызы куы фæзына, уымæй тæссаг у. Фыдæлты загъдау, адæмæн сæ тæригъæдтæ куы сбирæ вæййынц, æмæ сæ Хуыцау куы ферох вæййы, уæд сыл йæ бæллæх æруадзы. Æвæццæгæн цæмæйдæрты рæдийæм.

Фæлæ цы у нæ бон? Хъæддых фæлæууæм, нæ ныфс фидар куыд уа. Дохтырты амындтытæ æххæст кæнæм. Бинонты Хуыцауыл фæдзæхсæм.

Рыныдзуар æххуысгæнæг уæд канд Ирыстоны цæрджытæн нæ, фæлæ æппæт Дунейы адæмæн дæр. Цæмæй уыцы сау гæдыйы, низæфтауæджы, урс цæргæс сиса æмæ йæ ахæссса дардмæ, йæ кой кæцæй нал райхъуыса, уырдæм.

**ПАГÆТЫ Солтан,**
**Заводы поселочы цæрæг**

Æрдз

# Нæзы

**Ацы бæласы рагæйæрæгмæ бирæ уарзæм. Канд йæ уынд, йæ конд æмæ хæрздæфы тыххæй нæ. Адæмæн цы пайда хæссы, уый чысыл нæу. Зæгъæм, нæзыйы чъиу мах бахъæуы къухты скъуыдтæ дзæбæх кæнынæн.**

**Уæдæ чъиу нæзы бæласæн йæхицæн дæр æнæпайда нæу. Къалиу кæнæ йæ цъар куы аскъуыдтæ вæййынц, йе та йын цавæрдæр цæрæгой йæ цъæрттæ куы бахсыны, уæд чъиу æрæхгæны зианхæссæг хилджыты, саскты цæуæнтæ æмæ бæлас нæ фæрынчын вæййы. Иу ныхасæй, йæхи дæр дзæбæх кæны æмæ адæмы дæр.**



**Раджы заманты, нæзыйы къалиуты кæрæтты цы къуыбæрттæ фæзыны, уыдоны фыхдонæй рынчынтæ сæхи дзæбæх кодтой бирæ алыхуызон низтæй. Уæлдайдæр та-иу, рæуджытæ куы фæсахъат сты, уæд.**

**Хосгæнæн миниуджытæ ис нæзыйы хихтæм дæр. Уазал рæстæг сæм витамин С хæццæ кæны, цъæх хъæдындзы цас вæййы, уымæй фондз хатты фылдæр. Уæдæ нæзыйы хихты фыхдон мыд кæнæ сæкæримæ куы бануазай, уæд суткæйы дæргъы организмы цас хъæуы, уыйбæрц уыдзæн уæлдæр амынд витамин.**

**Нæ фыдæлтæй æвдадзы хосæн баззад нæзыты къохы уæлдæф дæр. Уый дзаг вæййы, микробтæ чи сафы, ахæм буаргъæдтæй — фитонцидтæй. Дзæбæх дзы кæнынц улæфæн оргæнтæ, уæлдайдæр та тарнизæй чи фæсæйы, ахæм рынчынтæн у сæ хуыздæр хос.**

*("Рæстдзинад"-ы архивæй)*

Рохæн æвгъау нæмттæ

# Адæмы сагъæстæй куы цæрай...

**Мæ мады æфсымæр Бæдоаты Иссæйы фырт Хъазыбег райгуырдис 1901 азы Тлаттаты хъæуы (ныр г. Беслæн) хуымæтæг зæхкусæг бинонты 'хсæн. Йæхицæй уæлдай ма ам хъомыл кодтой фондз хойы æмæ иу æфсымæр. Бинонтæ цæмæй тыхст ма уыдаиккой, уый тыххæй сæумæцъæхæй суанг изæрдалынгтæм куыстой быдыры, æмæ кæд хъæздыг не систы, уæддæр сывæллæттæ æххормаг не 'ййæфтой. Уæдæ бæгънæг æмæ бæгъæввад дæр нæ уыдысты. Бæдоаты бинонтæ хъæуы иннæ цæрджытæй хицæн кодтой, хæларзæрдæ кæй уыдысты, æмæ адæмæн аргъ кæнын кæй зыдтой, уымæй.**

Фæстæдæр фыццаг чингуытæ куы фæзындысты, уæд дзы Бæдоаты бинонтæй фылдæр никæмæ уыдис. Уæлдай арæхдæр та сæ касти æвзонг Хъазыбег, æмæ-иу æдзухдæр чингуыты мидис дзырдта йæ кæстæр хотæ æмæ æфсымæртæн. Ныййарджытæ куыд нæ бафиппайдтой лæппуйы зæрдæргъæвддзинад æмæ йæ ахуыр кæнынмæ радтой бынæттон скъоламæ. Ам зæгъын хъæуы: XX æнусы райдайæны цалдæр скъолайы уыдис Тлаттаты хъæуы, æмæ-иу сæ рауагъдонтæ æдзухдæр зынгæ бынæттæ æрцахстой Дзæуджыхъæуы. Æвзонг Бæдоаты Хъазыбег кæсын æмæ фыссынмæ дзæбæх кæй арæхст, уый тыххæй йæ æнæ уæлдай ныхасæй райстой скъоламæ.

Ахуыры фыццаг азты Хъазыбег йæхи равдыста зæрдæргъæвдæй. Уæгъд рæстæг-иу фæцис, зæгъгæ, уæд та-иу раздæры хуызæн йæ фыдæн æххуыс кодта хæдзары куыстыты. Скъолайы цы зонындзинæдтæ иста, уыдон та сыхæгтæ æмæ хъæуы иннæ цæрджытæн хæлæг нæ кодта. Изæрыгætты-иу Бæдоаты хæдзар чысыл кæсæндон фестад. Фæтæгены цырагъы рухсмæ-иу Хъазыбег кæсын райдыдта уырыссаг литературæйы классикты уацмыстæ, æрбацæуджытæн та Хетæгкаты Къостайы "Ирон фæндыр"-ы зæлтæ уæлдай æхсызгондæр уыдысты. Чысыл æфсымæр æмæ дзы хотæ скъуыддзæгтæ дæр ма дзырдтой, хицæн уацмыстæй та Хъазыбеджы разамындæй æвæрд цыдысты спектаклтæ, æмæ-иу алы хатт дæр хъæуы цæрджытæн диссаджы хъæлдзæг изæртæ скодтой.

Советон хицауады ралæудыл стыр æхсызгонæй сæмбæлдысты Тлаттаты хъæуы. Фыццаг фæскомцæдисонтæ куы фæзындысты, уæд бынæттон лæппутæ æмæ чызджытæ разæнгардæй цæуын райдыдтой ацы прогрессивон фæсивæдон организацимæ. Æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæ архайдтой коллективизацийы фарстатæ лыг кæныныл, тох кодтой æнахуыргонддзинад фесафыныл, æххуыс кодтой фæкæсинаг бинонтæн, лæгæй-лæгмæ-иу тохы бацыдысты фыдгæнджыты ныхмæ.

Фæскомцæдисы ацы фæзминаг миниуджытæ æрыгон Хъазыбеджы разæнгард кодтой хъæбатырдзинæдтæм, æмæ йæ рæнхъытæм бацæуыны фæстæ ссис фæсивæдон æхсæнады тæккæ пайдайагдæр хъуыддæгтæ аразæг.

Кæй зæгъын æй хъæуы, мах, йæ бирæ хæрæфырттæ, нæ зыдтам æрыгон Хъазыбеджы. Фæлæ мæ мад, мæ мадыхотæ Хъуысаты Нати, Цъæхилты Рæхимæт, Кодзырты Марусæ æмæ мæ мадыфсымæр Бæдоаты Юсуф - Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, æдзухдæр æхсызгонæй дзырдтой се 'фсымæр Хъазыбег æмæ йæ фæскомцæдисон æмбæлтты тыххæй. Цы хорз хъуыддæгтæ сарæзтой, уыдон та чысыл нæ уыдысты. Сæ фылдæры амидингæнæг уыдис Бæдоаты Хъазыбег.

Æхсæзæм кълас каст фæуыны фæстæ Хъазыбег кусын райдыдта. Раздæры хуызæн ныр дæр ныййарджытæн æххуыс кодта йæ кæстæр æфсымæр æмæ хоты хъомылады. 1923 азы мартъийы газет "Рæстдзинад" цæуын куы райдыдта, уæд та ссис йæ хъæууон уацхæссæг. Æрыгон авторы æрмæджыты хъæйтартæ уыдысты хъæуты фæллойгæнджытæ, заводтæ æмæ фабрикæты кусджытæ. Фыста, ног политикон уавæрты республикæйы цы ахсджиаг цаутæ цыдис, уыдоны тыххæй. Алы мыхуыргонд æрмæджы фæстæ дæр хъæууон уацхæссæджы сфæлдыстадон арæхстдзинад стырдæр кодта, æмæ фæстæдæр ссис газет "Рæстдзинад"-ы кусæг.

Ссæдзæм азты дыккæгæм æмбисы Бæдоаты Хъазыбег йæ хъус æрдардта йе сфæлдыстадон хъарутæ литературон жанрты фæлварынмæ, æмæ йæ хъуыддаг фæрæстмæ. Цы очерктæ æмæ радзырдтæ ныффыста, уыдоны ирдæй æвдыст цыдысты уæды царды нывтæ. Йæ



чиныгкæсджытæ та æдзухдæр хотæ, къабæзтæ æмæ сыхæгтæ уыдысты. Арæхдæр йæ уацмыстæ мыхуыр кодта газет "Рæстдзинад"-ы фæрстыл, æхсæнадон-литературон журналтæ "Мах дуг" æмæ "Фидиуæджы".

Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусгæйæ, Бæдоаты Хъазыбег ссис партион стыр мадзæлтты архайæг, критикæ кодта æхсæнадон мулк хæлæттаггæнджыты, æхсызгонæй фыста ног царды пайдайаг фæзилæнты тыххæй. Фæлæ æрыгон фыссæг æмæ журналисты хъуыд дарддæр ахуыр кæнын, 1930 азы бацыдис журналистикæйы факультетмæ. Каст æй фæуыны фæстæ та кусын райдыдта "Рæстдзинад"-ы редакторы хæдивæгæй.

1931 азы Бæдоаты Хъазыбег æвзæрст æрцыд ÆКП(б)-йы Цæгат Ирыстоны æмæ облæххæсткомы уæнгæй. Ацы бынаты активонæй архайдта нæ республикæйы социалон-экономикон ивддзинæдты, сфæлдыстадон куыст дæр нæ ныууагъта. Ирыстоны раззагдæр адæмы фæллойы тыххæй ныммыхуыр кодта очерктæ, уæхскуæзæй архайдта Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы царды, 1937 азы та ссис ацы сфæлдыстадон цæдисы сæрдар. Къорд азы уыдис Фысджыты цæдисы оргæн журнал "Мах дуджы" сæйраг редактор дæр.

Хъыгагæн, 30-æм азты цаутæй иппæрдæй нæ баззад Бæдоаты Хъазыбег дæр, кæд æнтыстджынæй архайдта журналистикæйы, фыссæджы æмæ советон-партион куыстыты, уæддæр. 1937 азы йæ систой æппæт бынæттæй, ацух æй кодтой ÆКП(б) æмæ Фысджыты цæдисы рæнхъытæй. Фæстæдæр æй æрцахстой, æмæ 18 азы æмгъуыдмæ хаст æрцыд Казахстанмæ. Фæлæ ахæстоны зын уавæртæ нæ басастой, Райгуырæн бæстæйыл æнувыд чи уыд, уыцы ахуыргонд Бæдоаты Хъазыбеджы. Уыцы азты писмотæ фыста уæлдæр паддзахадон оргæнтæм, советон æмæ партион кусджытæм, фæлæ, цæмæн ахст æрцыд, уый тыххæй бæлвырд æмæ, бындур кæмæн уыдаид, ахæм дзуапп иу ранæй дæр нæ райста.

Бæдоаты Хъазыбег 1955 азы куы суæгъд ахæстонæй, уæд æххæстæй æрцыд реабилитацигонд, фæстæмæ ссис ÆКП(б) æмæ Фысджыты цæдисы уæнг. Фыццаг куыста районы газеты нымæрдарæй Хуымæллæджы, фæстæдæр та уыдис "Социалистическая Осетия"-йы писмоты хайады сæргълæууæг. Раздæры хуызæн та ныр дæр цæрын райдыдта адæмы сагъæстæй. 1957 азы пенсийы куы ацыд, уæд æппæтæй дæр йæхи радта сфæлдыстадон куыстæн. Цæгат Ирыстоны раззагдæр адæмты хъæбатыр фæллойы тыххæй дзæвгар очерктæ ныммыхуыр кодта республикон газетты, журналтæ "Мах дуг" æмæ "Фидиуæджы". Фæстæдæр уыдон, бæлвырддæр зæгъгæйæ, 1959 азы хицæн чиныгæй рацыдысты бынæттон рауагъдады. Æмæ йыл чиныгкæсæг дзыллæтæ сæмбæлдысты стыр æхсызгонæй.

Фæлæ фыссæджы зæрдæ ивгъуыд æвзонджы азтæ уæлдай тынгдæр агайдтой. Уæд йæхи цæстытæй цы федта, цы тæссаг уавæрты бахауд, ног советон цард аразгæйæ, уыдоны тыххæй йæ фæндыд кæстæртæн радзурын. Фæстæдæр Бæдоаты Хъазыбегæн мыхуыры рацыд роман "Тохæй-тохмæ". Ам уæрæх æвдыст цæуынц граждайнаг хæсты цаутæ Цæгат Ирыстоны, ног паддзахадон цардарæзты фыццаг азты фæскомцæдис æмæ æнæцæдисон фæсивæды хъæбатыр хъуыддæгтæ. Уыдон Кавказы уавæрты лыг кодтой социалон-экономикон ногдзинæдты ахсджиаг фарстатæ. Романы хицæн сæргæндты бæлвырд ныхас цæуы, æрыгон советон республикæйы знæгты ныхмæ цы карз тох цыди, уый тыххæй.

Раздæры хуызæн ныр дæр Бæдоаты Хъазыбег бæллыд кусæг адæймаджы фæлгонц æххæстæй равдисынмæ. Æмæ уый тыххæй сфæнд кодта геологты тыххæй чиныг ныффыссын. Уымæн æмæ уыдоны руаджы Цæгат Ирыстон дæргъвæтин рæстæг хуызджын згъæртæ бирæгæйттæй æрвыста бæстæйæн.

Ацы хъæбатырты цард хуыздæр базоныны тыххæй Бæдоаты Хъазыбег ныууагъта йæ горæтаг фатер æмæ араст Уæллаг Фыййагдоны кусджыты поселокмæ. Ам цард бахакты, арæхдæр та æхсæвиуат кодта геологты цатырты. Иу ныхасæй, зонгæ кодта канд сæ цардимæ нæ, фæлæ ма сæ фæллойадон архайдимæ дæр. Суанг ма-иу кусæн уæлæдарæсы ныххызт æрзæткъахæнтæм, арæх уыдис куыстадон æмбырдты æмæ наукон конференциты архайæг дæр.

Геологты цардæй чиныгæн æрмæг æмбырд кæныны рæстæг Бæдоаты Хъазыбег очерктæ æмæ радзырдтæ мыхуыр кæны газеттæ æмæ журналты, бацæттæ кодта хицæн радиобакастытæ дæр: æппæтæй дæр фæцыдысты адæмы зæрдæмæ. Фæлæ йæ размæ цы нысан сæвæрдта, уымæ та цыдис разæнгардæй. 1972 азы рауагъдад "Мир" стыр тиражæй ныммыхуыр кодта, "Амондагурджытæ", зæгъгæ, Бæдоаты Хъазыбеджы роман. Ууыл фыссæг чысыл сфæлдыстадон тыхтæ нæ бахардз кодта.

**БЕРУАТЫ Барис,**
**географион наукæты доктор,**
**профессор**

*("Рæстдзинад"-ы архивæй)*

**P.S. Кæй зæгъын æй хъæуы, фыссæг æмæ æхсæнадон архайæг Бæдоаты Хъазыбеджы 120 азы юбилей мах ковиды аххосæй не сбæрæг кодтам. Фæлæ æвзæр нæ уыдаид ацы бæрæгбонмæ фыссæджы æвзæрст уацмыстæ хицæн чиныгæй ныммыхуыр кæнын, кæй ныффыста, уыдон æххæстæй джиппы рауадзыныл куы нæ дзурæм, уæд. Хорз уаид, Бæдоаты Иссæйы фырт Хъазыбеджы ном сæнусон кæныны тыххæй иу библиотекæ кæнæ скъола йæ номыл уæддæр куы рахониккам.**

Царциаты диссæгтæ

## Æхсыры цад

***Фылдæр хæттыты дуцгæ хъуццытæ "пенсийы" ацæуынц цыппар азы фæстæ. Æрæджы, йæ ном Грэнни кæмæн хуыйны, уыцы хъуг сæвæрдта цæгатамерикаг рекорд. Уый 17 азмæ æхсыр радта 196 тоннæйы æмæ 311 килограммы. Ахæм дæргъвæтин рæстæг бирæ æхсыр цæй фæрцы кæны, зæгъгæ, фермæйы хицау Дерв Кепкейы куы бафарстой, уæд загъта: "Грэнни йæ цардæй ницæмæй хъаст кæны, ницæйаг хъуыддæгты тыххæй никуыма смæсты".***

***Ахæм хабæрттæ, гъе! Знæт каст чи кæны, уыцы хъугæн, дам, йе 'хсыр уайтагъддæр ацахсы.***

## Рагон фыстытæ

*Мексикæйаг штат Веракрусы ссардæуыд, сæрмагонд нысантæ нывгонд кæуыл уыд, фæйнæджы хуызæн ахæм къæйдур. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, уый Ныгуылæн æрдæгкъорийы у фыссынады тæккæ рагондæр æвдисæн. Ацы цыртдзæвæн хауы ольмекты культурæмæ. Уый йæ рæзты тæккæ уæлдæр къæпхæнмæ схызт 1200-400 азты мах дуджы агъоммæ. Америкæйы Иугонд Штаттæ æмæ Мексикæйы ахуыргæндты къорд куыд нымайы, афтæмæй ацы адæммæ фыссынад фæзынд, æртæ æнусы бæрц раздæр. Археологты хъуыдымæ гæсгæ, цыртдзæвæн арæзт æрцыд нæ азнымады агъоммæ 900-æм азты.*

## Аралы хъысмæт

***Фондзыссæдз азы размæ Аралы денджыз йæ фæзуатмæ гæсгæ зæххы къорийы цадты ахста цыппæрæм бынат. Ныртæккæ фæтæнæгдæр æртындæс метры, дон та дзы, 1960 азимæ абаргæйæ, фæкъаддæр цыппар хатты. Ахуыргæндтæ йæ фидæнæй дæр не 'ппæлынц. 2006 азы Аралы денджызы фæзуат уыдис 27 мин квадратон километры (раздæр та — 64 мины). Иу къорд азмæ денджызы хуссайраг хай бынтондæр бахус уыдзæн, цæгатаг хайы та ма баззайдзæн æрмæстдæр чысыл цад.***



## 3-7 граммы

*Уый бæрц у йæ уæз колибрийæн. Фæлæ йын йæ гыццыл æмæ рогмæ ма кæсут, уымæн æмæ цыбыр рæстæгмæ йæ бон сахатмæ тæхын у 100 километры бæрц тагъдæй. Цæрынц дидинджыты рыг æмæ нектарæй. Фембæлæн сыл ис æрмæстдæр ныгуылæн æрдæгкъорийы. Цæгатамерикаг бур колибри та сæрдыгон Полярон зылдæй дæр батæхы фалдæр. Уæрæсейы та — Беринджы донбакæлæны Ратмановы сакъадах, Врангелы сакъадах æмæ Чукоткæмæ. Дунейы 27 сырддоны ис колибрийы 18 хуызы. Сæ иуæй-иу хуызтæ адæймагыл афтæ сахуыр сты, æмæ ахстæттæ кæнынц парктæ æмæ дидинæгдæтты.*

Газеткæсджыты сфæлдыстад

ДЖЕРАПТЫ-БЕЛЕККАТЫ Иринæ

### Фæлварæн

***Къæвдайы фæстæ, дам,***
***Хурбон дæр ыскæны,***
***Фыдæлтæй нын баззад ныхас,***
***Хæцгæ вирус — ковид***
***У махæн æнæзонгæ,***
***Нæ дзы стæм æппындæр æдас.***

***Нæ абоны уавæр***
***Нæу махæн бæллиццаг,***
***Куы нæ йæ æмбарæм, бæлвырд,***
***Æнæхъæн Дунейы***
***Ковиды азарæй***
***Нæ адæм æййафынц æфхæрд.***

***Дунескæнæг Стыр Хуыцау!***
***Æркæс-ма уæларвæй,***
***Скæн нын нæ уавæрæн аргъ.***
***Куынæуал æмбарæм,***
***Цы æрцыд нæ бæстыл,***
***Æнæкæрон уæззау — нæ уаргъ.***

***Хатыр дæ куы курынц***
***Ирыстоны адæм,***
***Нæ рæдыдыл сæттæм æргом:***
***Ныббар нын, нæ Хуыцау!***
***Тæригъæд нын бакæн,***
***Табуйаг у махæн дæ ном.***

***Нæ гыццыл Ирыстон,***
***Аланты фæдонтæ***
***Цæрæнбонты кувынц дæумæ,***
***Æртыгай кæрдзынтæй,***
***Æртыгай фæрсчытæй***
***Дæ уазæг сæ бакæн сæумæ.***

***Къæвдайы фæстæ, дам,***
***Хур бон ыскæндзæн,***
***Ногæй та 'взарæм — фæлварæн...***
***Курæм дæ, Стыр Хуыцау!***
***Баххуыс кæн адæмæн,***
***Бахай кæн Хуры рухс махæн!***

КОКОЙТЫ Махарбег

### Бауарзæм фыдызæхх

*Хохрæбыны баззад*
*Хохаг хъæу дзæгъæлæй,*
*Раздæр дзы куы нæ 'нцад,*
*Фæндыр дæр цæгъдынæй.*
*Рæгъæуттæ изæрмæ*
*Бæрзæндтыл хызтысты,*
*Адæм дæр сæ хъæумæ*
*Алцæмæй зылдысты,*
*Афардæг ныр рæстæг,*
*Аивта йæ фæлтæр.*
*Кæстæртæ сæ сæрмæ*
*Нал хæссынц сæ хъæу дæр.*
*Хæдзæрттæ — æдзæрæг.*
*Дыдынтæн — цæрынмæ,*
*Сæрвæттæ — хæрз бæгънæг.*
*Уырытæн хæтынмæ,*
*Бауарзæм фыдызæхх,*
*Баззад дзы нæ уидаг,*
*Науæд ныл, æнæмæнг,*
*Уый кæндзæн æрдиаг.*

### Ма мæм кæс

***Ма мæм кæс дæ сау цæстытæй,***
***Ма мын судз мæ зæрдæ.***
***Халыс ды дæ сонт кæстытæй***
***Усгурæн йæ фæндтæ.***

***Ахæссон дæу арвы риумæ***
***'Хсæвы 'ртæхтыл хъуамæ,***
***Уым фæбадæм демæ иумæ***
***Мæйы рухс цырагъмæ.***

***Уарзты арты аныгъуылæм,***
***Стъалытау, ысбонмæ.***
***Æмæ-та уæд баленк кæнæм***
***Амондджынæй донмæ.***

***Де схæссæгæн Мады-Майрæм***
***Хорздзинæдтæ радт,***
***Махмæ та нæ нæртон хъазты,***
***Ракафын æрхауæд.***

БИТАРТЫ Ахмæт

### Зарæг Зæнджиаты Бæбуйыл

*Зынг хурау фæсыгъди*
*Ирыстоны уый!*
*Фыдгултæй нæ лыгъди —*
*Нæ барста фыдми!*

*Уæддæр æй фыд хахуыр*
*Ныббын кодта ам...*

*Уыди уый хæрз ахуыр, —*
*Нæ йæм уыд хæрам!*

*Йæ фæстæ ныууагъта,*
*Чырыстийау, цыт!*
*Йæхицæн ныссагъта*
*Æнæхæлгæ цырт...*

### Сидт

(Къостайы фæзмгæйæ)

***Сахъ Ир, нæртон лæгтау,***
***Бахæрæм ард!***
***Иры иройнагау***
***Саразæм цард!***

***Скæнæм нæхи 'взагыл***
***Ахуырад мах!***
***Размæ нæхи уагыл***
***Айсæм нæ къах!..***

***Науæд ирон æвзаг***
***Фесæфдзæн тагъд,***
***Æмæ ныл сау ызнаг***
***'Ркъуырдзæн йæ къах!.***

### Кад

*Лæг кад ыссары тынг бирæ зынтимæ,*
*У кад зынаргъ хæзна, уый зон,*
*Фæлæ куы нæ йæ хъахъхъæнай цытимæ,*
*Уæд у йæ фесафын æнцон!*

### Арахъ

***Арахъ, дам, тынг мæнгард у, зон,***
***Уый алкæуыл йæ гæбæр хафы...***
***Ызнæгтæн ницы у йæ бон,***
***Фæлæ йæ лымæндæрты сафы...***

* * *

*Нæ уыдтæн а зæххыл нæуæндаг —*
*Мæ цард уыд тох æмæ фæдис...*
*Къæрныхæй райдыдтон мæ фæндаг,*
*Мæ фæндаг раст лæгæй фæцис...*

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# "Аланыстон" тырндзæн уæлдæр къордмæ

**Ацы бонты, сусæны мæй йæ тæккæ тæмæны куы бацыд, уæд райдыдта, футболуарзджытæ кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы Уæрæсейы Фыццаг къорды (ФНЛ-ы) чемпионат.**

Ирыстоны футболуарзджытæ уæлдай цыбæлдæрæй æнхъæлмæ кастысты, сæ уарзон "Аланыстон" йæхи куыд равдисдзæн, цы æнæнхъæлæджы ивддзинæдтæ дзы æрцыд, уымæ.

Фарон, нæ командæ кæд фыццаг æртæ бынаты бацахсджыты номхыгъдмæ нæ бахауд, уæддæр йæ хъазтæй балхæдта спортуарзджыты зæрдæтæ. Уый афтæ кæй у, уымæн æвдисæнтæ бирæ ис. Иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыстам зындгонд футболы специалисттæ æмæ центрон телеуынынады комментатортæй, Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" уæлдæр къорды (Премьер-Лигæйы) хъазыны аккаг кæй у, уый.

Æвæццæгæн, уый тыххæй равзæрста телеканал "Матч-ТВ" комкоммæ равдисынмæ "Аланыстон" æмæ Махачкалайы "Динамо"-йы фембæлд. Футболуарзджытæ ацы дыууæ командæйы хъазтмæ бакастысты знон изæрæй.

Хъазт райдыдта 20.00 сахатыл æмæ, цавæр хыгъдимæ ахицæн, уый нæ газеты ацы номырмæ на бахауд.

Ацы хъазтæй æртæ боны раздæр футболон клуб "Аланыстон"-йы вице-президент **Гуыриаты Данил**, сæйраг тренер **Тедеты Зауыр** æмæ генералон директор **Сиукъаты Руслан** ЦИПУ-йы ЮНЕСКО-йы залы фембæлдысты нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттимæ. Ныхас цыдис, куыд æмæ цавæр уавæрты цæттæ кодта нæ командæ



йæхи, цавæр нысантæ æвæры йæ размæ, цавæр ивддзинæдтæ æрцыд, куыд хъазджыты рæнхъыты, афтæ клубы разамынды æмæ тренерты штабы...

Футболон клуб "Аланыстон"-ы вице-президент Гуыриаты Данил йæ раныхасы райдайæны зæрдиаг арфæ ракодта командæйы иузæрдион фарсхæцджытæн æмæ сын зæрдæ бавæрдта, "Аланыстон" ацы аз дæр æрмæстдæр фыццаг бынатмæ кæй тырндзæн.

Фарста: "Зæгъæм, "Аланыстон" уæлдæр къордмæ рацыдис, уæд та йæ нæ стадионы уавæр нæ бахъыгдардзæн?" Гуыриаты Данил загъта: "Ныртæккæ стадионыл куыст фæрæвдздæр, æмæ хъуамæ иннæ азы июнмæ скæсæны 'рдыгæй трибунæ конд æрцæуа æппæт домæнтæм гæсгæ. Уымæй уæлдай ма барæвдз кæндзыстæм цæгат æмæ хуссары 'рдыгæй трибунæтæ дæр. Уый нын фадат ратдзæн лицензи райсынæн".

Тедеты Зауыр йæ раныхасы загъта: "Аланыстон"-ы сæргъы кусынмæ мæ кæй æрбахуыдтой, уый уыд æнæнхъæлæджы. Æз "Ростов"-имæ кусгæйæ дæр æппынæдзух хъуыды кодтон "Аланыстон"-ы дарддæры хъысмæтыл. Зæгъын хъæуы, Гогниты Спартак командæйы йæ къахыл кæй слæууын кодта, уый. Æз уыын æнгом æмæ цардхъом хъазджыты къорд. Нæ командæ размæ тындзæг кæй у, уый дæр æз аивынмæ нæ хъавын. Махæн уый нæ туджы ис, æмæ нæ сæйрагдæр нысан у, футболуарзджыты зæрдæмæ цы футбол цæуы, ахæм æвдисæм.

Уыимæ, рох кæнæн нæй уый дæр, æмæ, дæ размæ стыр нысантæ куы æвæрай, уæд хъуамæ размæ бырсынæй уæлдай, дæ арæнтæ хъахъхъæнынмæ дæр арæхсай. Уымæ гæсгæ не 'ргом ацы фарстатæм дæр здæхтам. Нæ командæйы рæнхъыты цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдон дæр баст сты, нæ размæ цы стыр хæстæ ис, уыдонимæ".

Гуыриаты Данил, Тедеты Зауыр æмæ Сиукъаты Руслан бæлвырд дзуаппытæ радтой журналистты æппæт фарстытæн.

Уыцы бон ма изæрæй футболон клуб "Аланыстон"-ы разамонджытæ æмæ командæйы футболисттæн фембæлд уыд футболуарзджытимæ. Фембæлд ацыд хъæрмуд уавæры. Спортуарзджыты фарстытæн æргом дзуаппытæ радтой, куыд клубы разамонджытæ, афтæ футболисттæ дæр.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Сæрдыгон фæлладуадзынад

# Æвзонг журналистты лагер

**Цæгат Ирыстоны Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет фадæттæ кæмæн саразта, ахæм тематикон профориентацион лагер "Медиа Кэмп" йæ куыст ахицæн кодта сывæллæтты дзæбæхгæнæн центры "Чысыл стъалы"-йы.**

Профессион уавæртимæ æрыгон журналистты базонгæ кæнынæй фæстæмæ **"Медиа Кэмп"**-ы хæс у адæмы 'хсæн бастдзинæдтæ парахат кæнын. Дыууæ къуырийы дæргъы журналистикæмæ æргомздахæг 7-14-аздзыд 35 лæппу æмæ чызджы дзыллон хабархæссæг фæрæзты куысты лыстæг фæзилæнтимæ зонгæ кодтой.

Канд журналистты нæ, фæлæ, æппæт æхсæнады цардимæ дæр базонгæ уæвынмæ арæзт чи уыд, лагеры ахуырадон программæмæ хаудтой ахæм тематикон тренингтæ, мастер-къластæ æмæ дзыллон хъазæн мадзæлттæ. Дыууæ къуыримæ "Медиа Кэмп"-ы кæй сарæзтой, уыцы 16 дзыллон мадзалы архайдтой национ телекомпани "Осетия-Ирыстон" æмæ паддзахадон телерадиокомпани "Аланыстон"-ы журналисттæ, стæй мыхуыргонд æмæ электронон дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

— Райгонд кæй архайдæй дæн, уыцы лагер "Медиа Кэмп"-мæ дыккаг хатт æрбацыдтæн. Ацы аз журналистикæйы тыххæй раздæрæй фылдæр хабæрттæ, зæгъæм, хъусынгæнинæгтимæ адæмы зонгæ кæнын æмæ интервьютæ исын куыд æмбæлы, уыдæтты тыххæй ногдзинæдтæ базыдтон, зæгъы рады архайæг **Гиоты Хъазыбег.**

Интервью исгæйæ, адæймагæн фарстытæ раст дæттын куыд æмбæлы, ивгъуыд азы "Медиа Кэмп"-ы архайджытæ, ныр та æрыгон журналистты скъола **"Эрассик"**-ы уацхæсджытæ **Касаты Ким** æмæ **Боцcomponents Миланæ** уый тыххæй фæсивæдæн хабæрттæ радзырдтой.

программæйы дзыллон мадзæлтты архайдтой, сæхи надтой бассейны æмæ афтæ дарддæр.

— Журналисты куысты лыстæг фæзилæнтимæ мæ кæй базонгæ кодтой, уычысыл концерт равдисгæйæ, фæсивæд сæ курдиат раргом кодтой кафын, зарын æмæ музыкалон инструменттæй цæгъдынæй. Фидæны журналисттæ лагер **"Чысыл стъалы"**-йы куыстæн фадæттæ саразæг адæмæн бузныг загътой. Лагеры фæрцы фæсивæдмæ ног зонындзинæдтæ фæзындысты.

Концерты фæстæ "Медиа Кэмп"-ы æппæт архайджытæн радтой сæрмагонд сертификаттæ.

— Профессион фæндаджы равзæрст нымад у цардысæйраг равзæрстытæй иуыл. "Медиа Кэмп"-ы фæрцы журналисты дæсныйадимæ базонгæ стут, — лагеры архайджыты раз ныхас кæнгæйæ, загъта амынд комитеты сæрдары хæдивæг **Гæбæлаты Мæдинæ**.

"Медиа Кэмп" кусы Цæгат Ирыстоны Хицауады,





Газет аразын, радиоэфир цæттæ кæнын æмæ телеравдыстытæ исынил кæй ахуыр кодтой, фидæны уыцы журналисттæ сæ фæллад дæр уагътой, лагер "Чысыл стъалы"-йы иумæйаг мæй райгонд дæн. Иннæ аз дæр ацы лагермæ æрбацæуын бафæлвардзынæн, — зæгъы "Медиа Кэмп"-ы архайæг **София Ковальчук.**

Рады кæронбæттæн бон стæй сывæллæтты журнал **"Ногдзау"** æмæ фæсивæдон газет **"Ныхас"**-ы æххуысы фæрцы.

**НАЛДЫХЪУАТЫ Камиллæ**

## Фыдракæнд

# Стигъæджы баурæдтой

**Хъахъхъæнджытæ кæмæн ис, Дзæуджыхъæуы ахæм фысымуаты рæстæгмæ цæрæг адæймаджы чи бастыгъта, Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы кусджытæ ахæм нæлгоймаджы баурæдтой.**

Амынд управленийы радхæссæгмæ фæдисы сигнал кæцæй æрбафтыд, барадхъахъхъæнджытæ уыцы фысымуатмæ æвæстиатæй æрбацыдысты.

Æхсæнадон фæтк чи хæлдта, фысымуаты администратор бынатмæ æрбацæуæг гвардионтæн æвзæр дзыхæй дзурæг æмæ рудзгуытæ асæттынæй æртхъирæнгæнæг нæлгоймагмæ бацамыдта. Уымæй уæлдай, куыд рабæрæг, афтæмæй барадхъахъхъæнджыты æрбацыды размæ нæлгоймаг фысымуаты рæстæгмæ цæрæг адæмæй иуæй æхца байста.

Урæд нæлгоймаджы радтой пъæлицæйы кусджытæн.

**УФ-йы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**

## Цардæй ист хъуыдытæ

***Цæмæй дын сомбон цардыл æнцон æмæ хорз уа, уый тыххæй зындзинæдты сæрты ахизын хъæуы абон.***

*Æнæрæдигæ дуне нæй. Алчидæр рæдийы. Йæ рæдыдыл сæтты зондджын, хатыр та куры тыхджын, ныфсджын адæймаг.*

***Цæмæй дæ царды фылдæр хорздзинæдтæ уа, уый тыххæй дæ цæст уарзæд алкæмæн дæр æрмæстдæр хорздзинад.***

*Кæд дæ амондджын уæвын фæнды, уæд дæ ивгъуыды зæронд хабæрттæ мауал къах.*

***Дæ царды хуыздæрæй цы уыди, уыдон арæхдæр мыс, цæмæй дæм фæстæмæ здæхой.***

*Ахсджиаг у, дæ фарсмæ тых урæд куы никæй кæнай. Кæд ис дæ фарсмæ хорз адæм — Хуыцауæн бузныг зæгъ æмæ цин кæн. Дæ фарсмæ ничи ис, дæ фæллад уадз æмæ дæ цардыл хъуыды кæн.*

*Царды дæ кæимæ хъæуа, уыимæ дæ хъысмæт фембæлын кæндзæн йæхæдæг ногæй.*

***Дæ бинонтæ, тынг хæстæг адæм æмæ дын зынаргъ, адджын чи у, уыдон æнæниз куы уой, уый у цардамонд. Хæдзары сабыр, æнцад, уæд зæрдæ дæр æнцой, æнæмаст.***

*Адæймагæн аргъ кæнын хъæуы йæ ныхæсты фæстæ нæ, фæлæ йæ хъуыддæгтæм гæсгæ. Ныхасæй нæ кæрæдзийы бæргæ бирæ уарзæм. Фæлæ...*

***Царды бирæ фæндæгтæ ис: ис фæндаг, кæцы ацæуын хъæуы иунæгæй. Вæййы рæстæг, уысм кæцы ран æвæрын хъæуы стъæлф. Сæвзæры ахæм уавæр, æмæ кæмæндæрты хæрзбон зæгъынæй дарддæр, гæнæн нал вæййы. Фæстæмæ раздахын кæмæн нал æмбæлы, ахæм адæмыл куынæ æмбæлай, уæд хуыздæр.***

**МАМИАТЫ Таймураз, æхсæнадон уацхæссæг**

## Арфæтæ

### Рубайты Неллийæн



*Зæрдæйæ рæсугъд æмæ удæй хъæздыг адæймаг цардмæ уалдзæгхæссæг у, фæзæгъынц. Сагъæсты бахауай, кæнæ дæ цины æнкъарæнтæ сæ уæлныхты хæссой, уæддæр ахæм æмбал æмæ æмкусæг дæ фарсмæ æнæ æрбалæугæ нæ фæуыдзæн.*

*Газет "Рæстдзинад"-ы дизайнер Рубайты Нелли у, ацы хъуыдытæ комкоммæ бар кæмæ дарынц, ахæм адæймаг. Никуы йæ ничи федта æрхæндæгæй. Æппынæдзухдæр у цардбæллон æмæ нæ алкæмæн дæр цинæнкъарæнтæхæссæг. Цы хæстæ йыл æвæрд ис газеты номыртæ аивадон æгъдауæй цæттæ кæныны хъуыддаджы, уым йе 'рхъуыды æмæ арæхстдзинадæн æмбал нæй.*

*Кæддæриддæр бацархайы, цæмæй "Рæстдзинад"-ы фæрстыл алы æрмæг дæр бакастæй рауайа аив æмæ зæрдæмæдзæугæ. Техникон æгъдауæй цы æрмæгыл фæкусы, уый номыры сæвæрыны размæ бæлвырд бакæсы. Йæ хъуыды йын бамбары æмæ йын афтæмæй нывкæнæ хуызист ссарыныл бацархайы.*

*Сфæлдыстадон æрхъуыдымæ арæхстджын кæй у æмæ йæ размæ æвæрд хæстæм бæрнон цæстæй кæй кæсы, йæ уыцы миниуджытæ уæлдай ирддæрæй рабæрæг вæййынц газеты бæрæгбоны, гъе та сæрмагонд номыртæ æмæ тематикон фæрстæ цæттæ кæнгæйæ.*



*Нæ редакцийы алы кусæгæн дæр, йæ удыхъæды миниуджытæ зонгæйæ, нæ алкæй зæрдæмæ дæр фæндаг ссары. Цыфæнды æнæвдæлонæй дæр дæ йæ хъæлдзæг æмæ цыргъзонд ныхасæй дæ æхсызгон дисы бафтаудзæн. Цы æрмæг ныффыстай, уымæн та дын рæвдауæн дзырдæй де сфæлдыстадон удцырын ноджы фæтыхджындæр кæндзæн.*

*Ацы бонты нæ зынаргъ æмкусæг Рубайты Нелли сбæрæг кодта йæ райгуырæн бон. Нæ цæст ын уарзы, цæмæй, йæ зæрдæйы цы рухсхæссæг миниуджытæ ис, уыдон ын фылдæр куыд кæной. Йæ цардæй райгонд куыд уа, афтæмæй, йæ дæсныйады цы æнтыстдзинæдтæ æвдисы, уыдон та газеткæсджытæн цинхæссæг куыд уой кæддæриддæр!*

***Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ***

### Саутæты Данелы фырт Таймуразæн



*Сусæны мæйы 17-æм бон нæ бæстæйы бæрæг кодтой Згъæр кусæджы дæсныйады бæрæгбон. Уымæ гæсгæ нæ фæнды зæрдæбын арфæтæ ракæнын нæ уарзон адæймаг, зынаргъ сыхаг æмæ сгуыхт згъæргуыстгæнæг Саутæты Данелы фырт Таймуразæн.*

*Уый бирæ азты æнæхин хъазуатон фæллой фæкодта завод "Победит"-ы хуымæтæг æрмдæсныйæ, суанг завод "Электроцинк"-ы сæргълæууæджы онг.*

*Паддзахадон премийы лауреат, техникон зонæдты кандидат Саутæйы-фырт хорзæхгонд у бирæ ордентæ, майдантæ æмæ кады гæххæттытæй. Уымæй уæлдай, йæ зонындзинæдтæ парахат кодта фæсарæнты дæр. Æртæ азы бакуыста Ираны, æртæ азы та — Кубæйы.*

*Ирыстоны рагæйдæр хъæбысæйхæст бæрзонд æвæрд уыд, æмæ ацы къабазы дæр йæхи æцæг нæртон иронæй равдыста Таймураз. У республикæйы ерысты уæлахиздзау, стæй Советон Цæдисы чемпионатты призер.*

*Царды стыр æмæ бæрнон бынæтты кусгæйæ, иу уысм дæр никуы рох кодта Къостайыхъæуы. Йæ бон куыд уыд, афтæ йæ уарзон адæмы фадæттæ рогдæр кодта, сæ зæрдæтæм рухсы тын бахæссын, ууыл архайдта йе 'фсымæр Никъалаимæ.*

*Никъала уыд завод "Топаз"-ы директор. Сæ уарзон сыхбæстæн-иу алы аз дæр, 7 октябры, сарæзтой стыр бæрæгбон. Абон дæр ма нæ зæрдыл лæууынц уыцы хъæлдзæг æмæ цины бонтæ.*

*Нæртон Таймураз! Цы хорздзинæдтæ скодтай, уыдон махæй рох не сты, æмæ дын сæ Стыр Хуыцау фылдæрæй бафидæд, сæдæйæ дæм здæхæд дæ бирæ хорздзинæдтæ! Дæ уæздан цардæмбал Надяимæ æххуысхъуаг куыд никуы уат, буц æмæ рæвдыд куыд уат уæ рæсугъд кæстæртæй! Æнæнизæй, зæрдæрухсæй сæдæ азы сæрты акæс, кæй уарзыс, æмæ дæ чи уарзы, уыдонимæ!*



***ГИОТЫ Юрийы бинонтæ, Къостайыхъæу***

**ГАСАНТЫ Валери**

### Дæ фарнæй рæсугъд дæ...

***(Зындгонд фæндырдзæгъдæг Дзестелты Соняйæн)***

*Дæ рухс зæлтæ нæртон сты,*
*Нæ бæсты фарн æвдисынц,*
*Лæгæн æдзух йæ сагъæстæ,*
*Йæ уды низтæ исынц.*

*Дæ райгуырæн къæс — Ирыхъæу,*
*Рæвдыд сты дæ уарзтæй.*
*Дæхи дæр дын Пипойы дзуар*
*Хизæд алкæд мастæй.*

*Дæ мысайнаг ын фæуæд барст,*
*Йæ арфæ дыл æруадзæд,*
*Дæ фæндырдзагъд нæ алкæуыл*
*Цинбазыртæ садзæд.*

*Дæ хорз кæстæр дæ фæндиаг*
*Куысты бæрзæндтæм хизæд.*
*Дæ фарны куывды рухс зæдтæ*
*Заргæйæ æрсимæнт!*

*Дæ рæсугъд æгъдау алкæддæр*
*Куы фæцæуы дæ разæй,*
*Рæвдау нæ, Соня, 'нусбонмæ*
*Дæ рухс зæрдæйы уарзтæй!*

## Барадхъахъхъæнджытæ фæдзæхсынц

# Коррупцийæ бахизынæн

**Коррупцийы ныхмæ тох нымад у мидхъуыддæгты оргæнты куысты сæйраг къабæзтæй иуыл.**

Цæгатирыстойнæгтæ æмæ республикæйы уазджытæ коррупцийы ныхмæ тохы хъуыддаджы зæрдиагæй кæй æххуыс кæндзысты, Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад йæ зæрдæ ууыл дары.

Барадхъахъхъæнæг системæйы æмæ паддзахадон хицауады æндæр оргæнты гæртам исыны æмæ йæ домыны, куысты бынатæй хивæнд митæ кæныны, амалиуæгадон куысты хицауиуæггæнæг адæймæгты æнæзакъон архайд æмæ коррупцийы æндæр фæзындтыты цауты тыххæй адæм кæй фехъусын кæной, уыцы хабæртты фæрцы пъæлицæйæн уыдзæн фыдракæндтæн цыбыр рæстæгмæ кæрон сæвæрын æмæ аххосджынæй закъоны амынд бæрндзинад бадомыны фадат.

**Коррупцийы æппæт цауты тыххæй ис мæнæ ахæм телефонтæй фæдзурæн:**

**8-800-250-02-35 (лæвар "æвæстиатон бастдзинад"), стæй 8(495)-667-74-47 ("æвæстиатон бастдзинад") — мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ адæмы бартæ æмæ æмбæлгæ цымыдистæ кæй халынц, уыдæтты тыххæй хъусынгæнинæгтæ, стæй коррупцион æмæ куысты хæстæ æххæстнæкæнынадимæ баст æндæр барадхæлдтытыл мидхъуыддæгты оргæнты кусджыты бафтауыны цауты тыххæй, хъусынгæнинæгтæ мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ цæмæй хъусын кæной, уымæн.**

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Ремонт холодильников и стиральных машин.**
**ТЕЛ.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.**

Номыры радгæс редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Номырыл бæрнон — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3445. Заказ № 779.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**